Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 25 (7529)
13 июнь
Итни
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Россиялъул Къогун!

I2 июналда нилъер улкаялда кIодо гьабуна нилъер гIумроялъул бищунго гвангъараб ва кIудияб Байрам – Россиялъул Къо. Нилъеца гIумро гьабулеб буго щивав гражданинасул гIумро гьабиялъе, гIуцIиялъе ва талихIавлъун вукIиналъе ресал ругеб къуватаб улкаялда.

Жакъа нилъ чIухIизе бегъула гьадинаб эркенаб, талихIавлъун, хIажатавлъун ва хIурмат гьабулевлъун щивав чи вукIине бегьулеб гIумроялдаса.

Биччанте нилъеда кинал рукIаниги рагъал рихьунгутIизе, кризисал хъатIунгутIизе. Щивасухъ нилъехъ балагьун чIун букIа абе гвангъараб букIинесеб, тIубараб талихI ва битIккей.

Биччанте нилъер улка тIегьазе щивав жиндирго гражданинасе лъикIабщиналъе ресалги кьун!

Нужее - рекъел, рохел, хIажатабщинаб ва бищунго аслияб – щулияб сахлъи!

**Унсоколо районалъул Администрация**

ДанчIвай

## РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат - нилъехъ



11 июналда хIалтIулаб сапаргун Унсоколо районалде щвана РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Артем Бичаев ва РФялъул Халкъияб фронталъул исполкомалъул нухмалъулев Ж. Шигьабудинов.

Гьалбадерида дандчIвана Унсоколо районалъул бетIер П. НурмухIамадов. Байбихьуда районалъул администрациялда активгун ва депутаталгун дандчIвана гьел ва хадубккун район цебетIеялъе чIагояб форматалда гьоркьор лъуна ресал ва захIмалъаби.

(ЦIале 2 гьумералда)

Ахал - тIагIамаб гIумро

# «Абрикосы Дагестана» - дандчIвай



Дагъистаналъул мугIрузул бакъулъ бугеб нилъер гьайбатаб ракьалда гьал къоязда тIобитIана тIаде гьалбал къабул гьабураб «Абрикосы Дагестана» данделъи. Гьелъие аслияб гIиллалъун ккана бищунго тIагIам бугеб ахбазан нилъер гьаниб бижулеб букIин. Гьелде буссараб букIана республикаялъулго ахихъаби ва муниципалитетазул вакилзаби дандчIвараб тадбир. Гьенир гIахьаллъана РДялъул Правительствалъул ва росдал магIишаталъул муниципалитетазул вакилзаби.

Гара-чIвари ана чIагояб, кинаб букIаниги тIадецуй гьечIеб ахIвал-хIалалда, республикаялъул властаялъул органаз ва нилъер ахихъабаз дандрана ахбазаналъул сезон гьеб гIадада хвезе течIого тIамиялъе хIукму гьабиялде руссарал суалал.

Гьалбадерие салам кьуна ва сапаралъухъ баркала загьир гьабуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. «Ахбазан ккола нилъер магIарулазул аслияб буголъи,-ян бихьизабуна гьес. –ТIубараб лъагIилицаго гьелъул сезон бачIиналъухъ балагьун рукIуна гьел. Гьелъул лъикIаб бачIин буго щивасе рохел. Дица божилъи гьабула жакъа гьаниб нилъеда кIвелин гьеб суалалда хурхарал, ай хвезе течIого ахбазан бича-хисун халкъалъе пайда кьолеб куцалда хIалтIи гIуцIизе. Гьеб кIвар бугеб суалалъ гIемерисезе хIалхьи толеб гьечIо»,-абун.

Аграриялъул захIматчагIазул цIаралда баркалаялъул рагIабигун байбихьана жиндирго кIалъаялде РДялъул Правительствалъул председателасул зам. Н. ГIабдулмутIалибовас. Гьес бихьизабуна гьадинал дандчIваязул букIунин кIудияб кIвар цадахъаб хIалтIи гIуцIиялъе, ахбазаналъул бачIин горо гIадада хвезе течIого бича-хисун гьабиялъе. Нариман Шамсудиновичас бихьизабуна нилъер Правительствалъ цIикIкIараб гIарац биччалеб бугин аграриялъул экономикаялде ва гьелъул хIасилалги ккезе кколин.

РДялъул росдал магIишаталъул министр М. Аджиковас бихьизабуна Дагъистаналда щибаб санайил бакIарулин I5-30 азарго тонна ахбазаналъул, амма продукция гьабулин гIицIго цIакъго дагьаб бутIаялъул.

«ПурчIун бугел культураби» - гьеб буго цIар араб нигIмат, нилъер визитнияб карточка. Россиялъул тIолабго продукциялда гьоркьоб нилъер республикаялде тIаде ккола I2 процент киналго пурчIун бугел пихъазул. ЦIикIкIарисеб къадар гьелъул букIуна Унсоколо, Болъихъ, Хьаргаби районаздаса. Гьелъул 62 процент уна республика тун къватIибехун. Гьедин тIалаб гьабула нилъер ахбазан. Амма руго цо къадаралъул захIмалъаби, гьел нилъеца гьаб дандчIваялдаса хадур лъугIизаризеги ккола».

Данделъиялда бицана гIемерал захIматал суалазул; гъутIби хвеялъул, цо-цо культурабазул унтабазул, чIезе сахал гъутIби гьечIолъиялъул, ахбазан цIунизе ва битIизе чIахIиял холодильникал ругел транспорт гьечIолъиялъул, гъваридал анализал бугеб хIалалъул гьабичIого ахал лъеялъул, муниципалитетазул гьеб хIалтIи лъикIлъиялде кьолеб кIвар загIипаб букIиналъул, пачалихъиял субсидиязул ва грантазул, МахIачхъалаялъул чIахIиял базаразда пихъал ричизе санагIалъаби гьечIолъиялъул ва гIемераб цогидалъулги.

Гьеб иш нухда бачиналъе жидерго нухал рихьизаруна муниципалитетазул бутIруз. Гьез РДялъул Правительствалда гьарана ахал лъеялъе жидее лъикIал, къо хIехьолел чIезе гъутIби чIезаре,-ян.



ХIукму гьабуна гьединабго къагIидаялъ бугеб хIал хисиялъе лъагIадида жаниб чанго нухалъ этапалккун батIи-батIиял суалалгун данделъизе.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 25 (75229)
Итни
13 июнь 2022 сон



Дагъистаналда хIисабалде босун буго гIумроялъул нухда гьитIинго захIмалъабигун дандчIварал лъималазе кумек гьабулеб Центр рагьизе. Гьелъул хIакъалъулъ С. Меликовасда лъазабуна Россиялъул Президентасул лъимер ва гьелъул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ вакил Мария Львова-Беловалъ.

Регионалъул нухмалъулев С. Меликовас бихьизабулеб буго гьеб кIвар бугеб ва жиндир заманалда тIубазабе кколеб суаллъун.

# РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат - нилъехъ

РакIарараздa цеве кIалъалаго А. Бичаевас бицана цебего бокьун букIанин Унсоколо районалде щвезе ва гьелъул хIакъалъулъ абуна бищунго хIеренал рагIаби. «Дун гIемер хьвадана нужер районалда аскIосан ва кидаго хIайран гьавуна гьалъул тIабигIаталъ, гIадамаз, сезоналъулал пихъаз, гIадамазул захIмат бокьиялъ. Ахир-къадги щвана гьаниве,-ян тIадчIей гьабуна Александровичас. –Дун хIадур вуго нужехъ гIенеккизе, кумек гьабизе, гьелъие гIоло вачIаравги вуго дун гьаниве нужер гIадамалгун гара-чIваризе. Баркала хинаб дандчIваялъухъ, нужер ракIазул лъикIлъиялъухъ!».

Гьединго А. Бичаевас бицана жиндирго хIалтIул хIакъалъулъ. Бицана ахирияб заманалда гIемераб заман балеб бугин Донбассалда ва гьенир гIемер дандчIвалин Дагъистаналъул васалгун. «Нилъер васал руго къвакIарал, къо хIехьолел, кидаго рукIуна жидедаго барабщиналда цебесеб кьерда. Кив дун вугониги киназдасанго рагIула дагъистаналъул васазул – солдатазул хIакъалъулъ аскIор ругел пана гьарулал харбал. Дун гьелгун гIемер гара-чIварула, гьес хIасратаб салам битIана ракьцоязде. Дун ракI-ракIалъ вохула ва хьул гьабула гьел чIаго ва сах-саламатго рокъоре тIад руссинин,-ян тIадчIей гьабуна гьес.

Унсоколо районалдехун жиндирго бугеб хинаб гьоркьоблъиялъул хIакъалъулъ дандчIваялда бицана Халкъияб фронталъул исполкомалъул нухмалъулев Ж. Шигьабудиновасги. Гьес бихьизабуна жакъа власталъул органазда гьоркьоб бугин цоцазе кумек гьабиялъул ва цадахъ рекъон хIалтIиялъул рагьарал дандчIваял, гьелъ халкъалдаса гIадамалгун дандчIваялъе гьарулин гьадинал сапарал, гьелъ лъикIал хIасилалги кьолин.

ДандчIваялъул ахиралда ГI. НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна гьадинаб ракI-ракIалъулаб гIадатияб сапаралъухъ гьезие ва гьалбал ах1ана Унсоколо районалде хадурккунги сапарал гьаризе.

# ТIаде къабул гьаруна



ХIалтIулаб сапаралъул рамкаялда жаниб РФялъул Пачалихъияб Думалъул депутат А. Бичаевас ва РДялъул Халкъияб фронталъул исполкомалъул нухмалъулев Ж. Шигьабудиновас гьеб къоялъ тIаде гIадамалги къабул гьаруна. Гьенир рорхана муниципалитеталъул бищунго унтарал ва захIмалъарал суалал.



ТIаде къабул гьариялда гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов ва «Единая Россия» партиялъул бакIалъулаб отделениялъул исполнительнияв секретарь ГI. Камилов. РФялъул депутатасде тIаде къабул гьаризе рачIара зул цоял рукIана районалъул гIадамал; Ш. Шамсудинов ва Н. Къурбанова. Гьез Артем Александровичасда бицана Рихьуни ГЭС балаго лъелъ гьанкъарал ракьазул бачIиналъухъ гIемерал гIа-дамазе компенсация щвечIин. Гьелъухъ балагьичIого щибал судазда ва гьоркьор лъеязда гьеб щвечIезул ихтиярал хвезарулел ругин, гьел кьолел гьечIин ва кида кьелелали лъаларин. «Дол саназда лъелъ гьанкъана I800 гектар ракьалъул. Гьездасан 450 га ккола ахал. ГIемер рукIана судал, гIемерисел гьел рукIана ниж бергьарал. II50 цIараки хутIана гьеб киналъулго рагIдукь, ай «за бортом», щвечIого кинаб букIаниги компенсациягун. ГIемерисез тана гьаб дунял, гьебги щвечIого. Гьезие абуни гьел гьанкъарал ракьал рукIана гIумро гьабиялъе бугеб буголъи, ай хайир щвеялъе бугеб рес,-ян бицана Шамсудин АхIмадовичас. – Нижер руго хъварал къотIи-къаял, судазул хIукмаби, ниж дандчIвана ва гара-чIварана киналго властазул вакилзабигун. Нижее рагIи кьола, амма ишалъулъ щибниги цебехун унаро».

Депутат гIодове виччан гIенеккана кIалъаразухъ ва рагIи кьуна гьеб иш тIаде кколелгун данд-чIвалин, хIасил ккезабизе хIал бихьилин.

Гьединго тIаде къабул гьареян рачIун рукIана цогидалги гIадамал. Бицана анлъго мугIрузул росабалъ хасалил заманалда токалъул бугеб загIиплъиялъул, гьаниб туризм цебетIезабиялъе гьаризесел хIалтIабазул, ансадерил махщалил искусство ккевеялъе гьабизеселъул.

А. Бичаевас рагIи кьуна гьел суалал тIураялъе ресал ратилин, иш тIаде кколезулгун бухьен ккелин, кколеб хIасилалъул лъазабилин.

Наркомания

## Комиссиялъул данделъи

8 июналда районалъул администрациялда тIобитIана наркоманиялде данде чIараб комиссиялъул данделъи. Гьеб бачана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам., гьеб комиссиялъул председатель Хъ-М. ГIабдулхаликъовас. Гьениб гIахьаллъи гьабуна РДялъул МВДялъул УКОНалъул кIиабилеб отделалъул начальник, полициялъул полковник Р. Рамазановас, Россиялъул ОМВДялъул Унсоколо районалда вугев начальник Э. МухIамадовас ва цогидазги.

Къойил темаялда букIана «ГIолеб гIелалда гьоркьоб наркомания тIибитIизе тунгутIиялде руссарал тадбирал»,-абураб.

Гьеб суалалда хурхун заседаниялда лъай кьеялъул, гIолилазул отделаз саназде рахинчIел лъималазул комиссиялъгун цадахъ хIукму къабул гьабуна I сентябралда киналго муниципалитеталъул школазда гара-чIвариял тIиритIизе лъималазда ва эбел-инсуда гьоркьоб. Гьенире ахIизе районалъул имам ва ихтияр цIунулел органазул хIалтIухъаби.

19 июнь - медхIалтIухъанасул Къо

## Сахлъиги талихIги, нужее, ансал!

(Хириял «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъаби! Гьари буго нужеде медицинаялъул хIалтIухъабазул къоялде гьаб дир макъала газеталда бахъе,-ян.)

ГIемерал больницабазда вегизе ккана дун лъабкъоялда анцIидаса тIаде ригь арав чи. БатIи-батIиял гIузрабаз унтун ва операцияби гьаризе ккун вегана МахIачхъалаялъул, Санкт-Петербургалъул, Москваялъул больницабазда. Ахирисеб нухалъ дун вегизе ккараб Унсоколо больницаялъул инфекциялъул отделениялъул хIалтIухъабазул хIеренлъиялъ ва хIалтIи гIуцIун бугеб даражаялъ нахъеги дида бичIчIизабуна гIурус кициялъул гъварилъи ва мухIканлъи: Хъулухъалъ гIадан кIодо гьавуларо, гIадамас хъулухъ кIодо гьабула,-абураб.



Нилъеда тIаса араб коронавирусалъул унти къо-лъикI гьабизе ахиралда дихъе рештIана. Дида абуна Унсоколо больницаялде айилан, гьеб унти сах гьабиялъул хIалтIи бищун лъикI гIуцIун бугин гьеб больницаялда,-абун. Гьениб батараб ахIвал-хIалалъ, хIалтIухъабазул хIеренлъиялъ дару гьечIого сах гьавулеб асар гьабуна дие. Дун вегарал больницабазул цонигиялда батичIо гьединаб гьуинаб бербалагьи ва рекIел цIайи унтарасдехун. Санитаркабигун повараздасан байбихьун врачазде щвезегIан цояздаса цоял лъикIал руго гьел унтаразе. Гьениве щварабго дихъе босун бачIана кванил тIагIел, чай, чакар, конфетал. Дица гьей гIаданалъухъе 500 гъурущ гIарац бегьидал, гьелъ босичIо, халгIаталъул кисиниб бугIараб мехалъги палатаялъубе гьебги рехун тун ана. Гьаб, кинавго чи гъурщида хадув лъугьараб, гIаданлъи, яхI-намус нахъе цураб заманалда, гьединал гIадамал ва бакIал ратилин кколароан дида. ЦIарал гьезул дида лъаларо, киналго руго рецц-бакъалъе ва шапакъатазе мустахIикъал. Амма дун сах гьавурай врач ГIабдулаева Асиятил ва медсестра МухIастанова ПатIиматил цIарал рехсечIого гIоларо. Жидерго эмен-вацазул гьабулеб тIалаб гьабуна гьез дир, аскIоса рахъинчIого дие хъулухъалъе чIана. ДунгIанги Аллагьги разилъаги, нужедаса! Киналго медицинаялъул хIалтIухъабазда гьезул байрамги баркулаго бокьун буго газета гьоркьоб ккун баркала кьезе.

Больницаялда вегун вукIаго ботIролъ хенолел рукIана гьитIинаб мехалъго рагIарал кочIол мухъал: -ГIолохъаби киса? –ХъахIабросулъа, хъахIал ясал киса - Унсоколоса!,-абурал. Сахлъиги талихIги, нужее, ансал!

**Ибрагьимов Ибрагьим.**
**ЧIиркъатIа музеялъул директор, Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан.**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 25 (7529)
Итни
13 июнь 2022 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере



# Увеличение штрафов

Уважаемые граждане!

Информируем Вас о том, что Федеральным законом от 28.05.2022 № 141-ФЗ внесен ряд изменений и дополнений в Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях (КоАП). Изменения коснутся и санкций в отношении нарушителей правил пожарной безопасности. Если раньше граждане, нарушающие требования пожарной безопасности, должны были заплатить от 2 000 до 3 000 рублей, то теперь правонарушителей будет ждать штраф от 5 000 до 15 000 рублей. Повышение размеров штрафов также коснётся должностных и юридических лиц. Теперь должностные лица обязаны будут выплатить штраф за нарушение требований пожарной безопасности в размере от 20 30 000 рублей, лица, осуществляющие предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, - от 40 000 до 60 000 рублей и юридические лица - от 300 000 до 400 000 рублей (ч. 1 ст. 20.4 КоАП РФ).



В условиях особого противопожарного режима санкции административного кодекса за нарушение требований пожарной безопасности предполагают наложение еще более сурового штрафа. Так, для граждан он составит от 10 000 до 20 000 рублей; для должностных лиц - от 30 000 до 60 000 рублей; для лиц, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, - от 60 000 до 80 000 рублей; для юридических лиц - от 400 000 до 800 000 рублей (ч. 2 ст. 20.4 КоАП

Повторное нарушение требований пожарной безопасности на объекте защиты, отнесенном к категории чрезвычайно высокого, высокого или значительного риска, и выражающееся в необеспечении работоспособности или исправности источников противопожарного водоснабжения, электроустановок, электрооборудования, автоматических или автономных установок пожаротушения, систем пожарной сигнализации, технических средств оповещения и управления эвакуацией людей при пожаре или систем противодымной защиты, либо в несоответствии эвакуационных путей и эвакуационных выходов требованиям пожарной безопасности, повлечет за собой наложение административного штрафа на граждан в размере от 12 000 до 20 000 рублей; на должностных лиц - от 30 000 до 60 000 рублей; на лиц, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, - от 60 000 до 80 000 рублей или административное приостановление деятельности на срок до 30 суток; на юридических лиц - от 400 000 до 800 000 рублей или административное приостановление деятельности на срок до 30 суток (ч. 2.1. ст. 20.4 КоАП РФ).

В случае возникновения пожара и уничтожения или повреждения чужого имущества либо причинения легкого или средней тяжести вреда здоровью человека на правонарушителя будет наложен штраф в размере от 40 000 до 50 000 рублей. Если им окажется должностное лицо, то размер штрафа составит от 80 000 до 100 000 рублей. Для лиц, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, предусмотрен штраф в размере от 90 000 до 110 000 рублей или административное приостановление деятельности на срок до 30 суток, для юридических лиц - от 700 000 до 800 000 рублей или административное приостановление деятельности на тот же срок (ч. 6 ст. 20.4 КоАП РФ).

Нарушение требований пожарной безопасности, повлекшее возникновение пожара и причинение тяжкого вреда здоровью человека или смерть человека, повлечет за собой наказание для юридического лица в виде штрафа от 1 000 000 до 2 000 000 рублей или административное приостановление деятельности на срок до 90 суток (ч. 6.1 ст. 20.4 КоАП РФ).

Огромной проблемой для нашей страны являются лесные пожары. Неконтролируемое горение растительности и стихийное распространение огня по площади леса приводят к трагическим последствиям. Поэтому кодексом об административных правонарушениях предусмотрена отдельная статья, устанавливающая наказание за нарушение требований пожарной безопасности в лесах.

Так, для правонарушителей в лесу установлена административная ответственность в виде штрафа от 15 000 до 30 000 рублей, для должностных лиц - от 30 000 до 50 000 рублей и для юридических лиц - от 100 000 до 400 000 рублей (ч. 1 ст. 8.32 КоАП РФ). За выжигание хвороста, лесной подстилки, сухой травы и других лесных горючих материалов с нарушением требований правил пожарной безопасности на земельных участках, непосредственно примыкающих к лесам, защитным и лесным насаждениям и не отделенных противопожарной минерализованной полосой шириной не менее 0,5 метра, предусмотрено наказание в виде административного штрафа для граждан в размере от 30 000 до 40 000 рублей; для должностных лиц - от 40 000 до 60 000 рублей; для юридических лиц - от 300 000 до 500 000 рублей (ч. 2 ст. 8.32 КоАП РФ).

За те же действия, совершенные в лесопарковом зеленом поясе, установлен штраф для граждан в размере от 40 000 до 50 000 рублей; для должностных лиц - от 50 000 до 80 000 рублей; для юридических лиц - от 500 000 до 1 000 000 рублей.

Нарушение правил пожарной безопасности в лесах в условиях особого противопожарного режима, режима чрезвычайной ситуации, возникшей вследствие лесных пожаров, повлечет за собой наложение штрафа на граждан в размере от 40 000 до 50 000 рублей; на должностных лиц - от 60 000 до 90 000 рублей; на юридических лиц - от 600 000 до 1 000 000 (ч. 3 ст. 8.32 КоАП РФ).

Нарушение правил пожарной безопасности, повлекшее возникновение лесного пожара без причинения тяжкого вреда здоровью человека (если эти действия не содержали признаков уголовно наказуемого преступления), повлечет за собой наказание в виде штрафа для граждан в размере от 50 000 до 60 000 рублей; для должностных лиц - от 100 000 до 110 000 тысяч рублей; для юридических лиц - от 1 000 000 до 2 000 000 рублей (ч. 4 ст. 8.32

КоАП РФ).

**Будьте внимательны и осторожны!**
**Соблюдайте закон!**
**В случае пожара звоните «101» или «112».**

# «Страховые представители в МО Порядок получения и обмена полисов ОМС»

Страховой представитель - это сотрудник страховой медицинской организации (СМО), представляющий интересы застрахованных лиц.

Основная задача страховых представителей - это защита прав и законных интересов застрахованных лиц в сфере ОМС. А также обеспечение информационного сопровождения застрахованных лиц на всех этапах оказания им медицинской помощи, в том числе при прохождении профилактических мероприятий.

С 2019 года в АО «МАКС-М» работает служба страховых представителей трех уровней. Специалист предоставляет справочную информацию по устным обращениям застрахованных лиц и рассматривает жалобы по вопросам обязательного медицинского страхования.

Страховые представители 1 уровня проходят обучение на базе СМО по специально разработанным программам с получением подтверждающего документа. Специалист осуществляет информационное сопровождение застрахованных граждан при оказании им медицинской помощи, в том числе профилактических мероприятий, а также защиту их прав и законных интересов в сфере ОМС. В страховой компании МАКС- М работают 13 страховых представителей 1 уровня, 43 – 2 уровня и 18 – 3 уровня.

Страховые представители 2 уровня проходят специальную подготовку на базе высшего учебного заведения по утвержденной программе с получением подтверждающего документа. Специалист-эксперт СМО или эксперт качества медицинской помощи, деятельность которого направлена на работу с письменными обращениями застрахованных лиц, включая организацию экспертизы качества оказанной им медицинской помощи, атакже на сопровождение застрахованных лиц при организации оказаниямедицинской помощи по результатам диспансеризации. **(Продолжение на 4 странице)**

# Внимание, дагестанцы смогут бесплатно оформить заявку на догазификацию в МФЦ

Для упрощения процедуры подачи жителями заявок на догазификацию на совещании, которое прошло под руководством министра энергетики и ЖКХ РД Ризвана Мурадова, было принято решение заключить договор между ООО «Газпром газораспределение Дагестан» и МФЦ РД на безвозмездной основе по приему документов граждан на оформление указанных заявок.

«Любой житель республики сможет через МФЦ подать заявку на догазификацию. Что существенно упростит жизнь нашим гражданам. Кроме того, это можно будет сделать и в дистанционном режиме», -сказал министр.

Догазификация — подведение газа до границ земельного участка в газифицированных населенных пунктах без привлечения средств граждан в соответствии с Поручением Президента РФ Владимира Путина, а также подключение объекта капитального строительства.

**Как подать заявку на социальную газификацию (догазификация)?**

**• Куда обращаться?**

Вы можете обратиться на сайт газораспределительной организации или прийти в один из центров (офисов) газораспределительной организации, через порталы Госуслуг, МФЦ, или единого оператора газификации — СОЦГАЗ.РФ.

**• Какие документы нужны?**

Правоустанавливающие документы на земельный участок и индивидуальный жилой дом, ситуационный план, паспорт, СНИЛС и контактные данные. На сайтах или офисах газораспределительных организаций Вам будет доступна типовая форма заявки, с описью необходимых документов.

**• Какие критерии для соответствия догазификации?**

В случае если ваш индивидуальный жилой дом и земельный участок зарегистрированы в установленном порядке, и дом расположен в населенном пункте, который уже газифицирован, Вы попадете в прог-рамму ускоренной газификации (догази-фикации).

**• Сколько стоит провести газ внутри участка?**

Это зависит от объема работ по строительству газопровода внутри земельного участка, от способа прокладки газопровода. Вместе с тем в случае, если Вы приняли решение по газификации в пределах границ земельного участка силами газораспределительной организации, то стоимость таких услуг регулируется государством, если воспользоваться сторонней организацией, то услуги оказываются на договорной основе.

Программа догазификации: что бесплатно, а за что необходимо заплатить собственнику?

Социальная газификация (догази-фикация) предполагает бесплатное строительство газопроводов до границ земельных участков граждан.

За проведение газа непосредственно уже на участке платит сам потребитель. Сюда относится разработка и согласование проекта, прокладка трубы по участку, установка внутридомового оборудования (котел, плита, анализатор), разводка отопления, установка прибора учета газа и т. д.

Итоговая сумма зависит от объема строительных работ, протяженности трубы на участке, способа прокладки газопровода и от выбранного газового оборудования — отечественного или импортного.

**Узнать примерную стоимость работ можно на портале Единого оператора газификации в разделе «Калькулятор»: connectgas.ru/calculator.**

# «Страховые представители в МО Порядок получения и обмена полисов ОМС»

Страховые представители 3 уровня проходят специальную подготовку на базе высшего учебного заведения по утвержденной программе с получением подтверждающего документа.

Полис обязательного медицинского страхования – документ, который дает право гражданину на получение бесплатной медицинской помощи в объеме и на условиях, соответствующих программам обязательного

медицинского страхования. Выдается в пункте выдачи полисов, адреса пункта выдачи полисов можно найти на сайте ТФОМС РД. Полис единого образца действителен на всей территории РФ.

Порядок получения полиса ОМС:

Для получения полиса ОМС необходимо обратиться в пункт выдачи полисов.

Взрослому нужны:

- паспорт,
- СНИЛС

Для оформления мед. полиса ребенку до 14 лет понадобятся:

- Свидетельство о рождении ребенка.
- СНИЛС ребенка.
- Паспорт родителя или законного представителя.

-Для оформления полиса ребенку 14—18 лет понадобятся:

- паспорт
- СНИЛС
- паспорт родителя или представителя:

В случаи утери полиса надо написать заявление об утере в страховую медицинскую организацию, которая выдала вам полис. Вам выдадут дубликат утерянного документа и скажут, когда прийти за новым. При потере выдача дубликата полиса осуществляется по заявлению застрахованного лица о выдаче дубликата полиса.

Иностранные граждане и лица без гражданства дополнительно предоставляют вид на жительство, беженцы — удостоверение беженца или свидетельство о рассмотрении ходатайства о признании беженцем.

Оформить документ можно лично, на госуслугах или на сайте страховой компании.

Документ будет готов не раньше, чем через 30 дней после подачи заявления. Вам выдадут временный медполис — им можно пользоваться, пока ждете постоянный.

# Еще раз о важности прохождения диспансеризации и профосмотров

Диспансеризация и профилактические осмотры гражданам проводятся в целях оценки состояния здоровья и раннего выявления онкологии, сахарного диабета и другой патологии.

Раннее выявление лиц с онкологией и другими хроническими заболеваниями и риском развития тяжелых осложнений является основной медицинской и важнейшей социально – политической задачей, стоящей перед здравоохранением сегодня в связи с ростом таких заболеваний как онкология, сердечно – сосудистые болезни, сахарный диабет, туберкулёз. Все эти заболевания можно выявить на ранней стадии развития и тем самым предотвратить тяжелые осложнения.

Для того, чтобы пройти диспансеризацию, горожанам надо всего лишь прийти к своему участковому терапевту. При себе надо иметь паспорт, страховой полис и сказать, что пришёл пройти диспансеризацию. Каждый гражданин заинтересован в том, чтобы знать о состоянии своего здоровья, чтобы вовремя выявить имеющееся заболевание, не запускать его и вовремя излечиться. Людям надо ответственно относиться к своему здоровью, идти к врачу не тогда, когда болезнь уже в разгаре и медики не всегда смогут помочь, а стараться предотвратить болезнь. Есть такие заболевания, которые проходят бессимптомно на ранней стадии. С этой целью и проводятся диспансеризация взрослого населения и профилактические осмотры.

Медицинскими осмотрами должно быть охвачено всё население по возрастам с интервалом в 3 года. В первый раз диспансеризация проводится с 18 лет и затем через каждые 3 года до 39 лет. После 40 лет процедуру диспансеризации можно проходить ежегодно. И ранняя диагностика может спасти жизнь человека.

Объём работы для медиков достаточно большой. Но эту работу необходимо сделать, т.к. результаты диспансеризации важны. У медиков появится возможность провести профилактические мероприятия для предупреждения тех осложнений заболеваний, которые могут развиться при наличии заболевания.

Для удобства работающих граждан. Правительством РФ предоставляются 2 оплачиваемых выходных дня для прохождения диспансеризации. Все обследования по диспансеризации и профилактическим осмотрам осуществляются бесплатно по полису ОМС за счёт средств обязательного медицинского страхования.

Пройти диспансеризацию помогут страховые представители. Основная задача страховых представителей в области контроля диспансерного наблюдения обеспечить своевременное прохождения диспансеризации лиц, стоящих на диспансерном учёте и снижение рисков осложнений у пациентов. Связаться со страховым представителем в случае необходимости можно, позвонив по телефону, указанному в полисе ОМС, по телефону горячей линии и контакт – центра 8-800-2222-905.


| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района. Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД. Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21. Подписано в печать - 12. 6. 2022 г. 15.30 фактически -17. 40 мин. ........................................ Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 988 экз. |
|---|---|---|---|